

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan téh miboga udagan pikeun nganalisis 1) struktur kumpulan Carita Pondok *Kembang-Kembang nu Mangkak*, jeung 2) Ajén-ajén karakter atikan dina kumpulan carpon *Kembang-kembang nu Mangkak*. Data panalungtikan nyaéta buku Kumpulan Carita Pondok *Kembang-Kembang nu Mangkak* anu jumlahna aya 19 judul, dina ieu panalungtikan aya 10 carita pondok nu dicokot dumasar téma carita. Tiori nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta 1) tiori Robert Stanton, nu nétélakeun unsur pangwangun dina carita pondok nyaéta téma, fakta carita (galur, palaku/watek, jeung latar), jeung sarana carita (judul, peuseur sawangan, gaya basa, simbolis, jeung ironi). Dina ieu panalungtikan sarana-sarana sastra anu dipedar ukur judul jeung puseur implengan, 2) tiori Kemendiknas ngeunaan ajén-ajén karakter atikan dina carita pondok. Méthode jeung téhnik nu dipaké dina ieu panalungtikan téh, nyaéta méthode déskriptif analisis kalayan pamarekan kualitatif.

Struktur nu aya dina buku kumpulan Kumpulan Carita Pondok *Kembang-Kembang nu Mangkak* kaasup lengkep jeung variatif. Ieu hal dilantarankeun strukturna mibanda kajembaran boh dina téma, fakta carita (galur, palaku/watek, jeung latar), jeung sarana carita (judul, peuseur sawangan) nu aya dina unggal caritana. Struktur nu kapaluruh nya éta 1) téma, kapaluruh aya 7 téma bisa ngawakilan tina sakabéh carita; 2) fakta carita anu ngawengku galur (kapaluruh aya 3 galur, galur campuran, galur maju, jeung galur mundur), palaku/watek nu kapaluruh dina unggal carita pondok di antarana aya (daékan, wijaksana, teu sabaran, gagabah, geeran, bageur, sholehah, paduki, sopan, nyaahan, tumarima, pondok pipikiran, emosian, ngewaan, sombong, ambekan, pasrashan), latar nu kapaluruh dina ieu panalungtikan aya latar waktu (tengah peuting, balik ti kampus, jam genep isuk, isuk, wayah kieu, poé ieu, dua minggu, ba'da isya, jam satengah tujuh isuk, sapopoé, isukna, unggal poé, sababaraha poé, harita, sababaraha bulan katukang, kakara, jam salapan, peuting, sapoé saacan idul adha, saméméh ayeuna, peuting, rék lohor, saban poé, harita, h+1, saminggu deui), latar tempat (Bandung, Bogor, sakola, lembur, bale, imah, buruan masigit, jero masigit, hotel, Jepang, tepas

Siti Amellia Riyadi, 2021

**AJÉN ATIKAN KARAKTER DINA KUMPULAN CARITA PONDOK KEMBANG-KEMBANG NU MANGKAK
(ULIKAN STRUKTURAL)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kamar, hareupeun hotel, stasion, imah, gerbong kareta, hareupeun masigit, penjara, Malaya), latar sosial nu kapaluruh (ékonomi kelas handap, silih mantuan, bahasa nu lemes jeung pikasediheun), 3) sarana carita anu ngawengku judul kapaluruh aya 10 judul carita pondok, puseur sawangan anu kapaluruh aya 2 puseur sawangan nyaéta jalma kahiji palaku utama jeung jalma katilu teu kawatesanan. 5) ajén-ajén karakter nu kapanggih nyaéta aya 13 ajén karakter di antarana (religius, jujur, toleransi, disiplin, kerja keras, kreatif, mandiri, rasa ingin tahu, bersahabat/komunikatif, cinta damai, gemar membaca, peduli lingkungan, peduli sosial, jeung tanggung jawab).

Jadi sabada ditalungtik, bisa dicindekkeun yén ieu buku kumpulan kumpulan carita pondok téh miboga struktur lengkep jeung variatif lantaran réa kapanggih téma, fakta carita jeung sarana carita. Perkara struktur, antara sakabéh unsurna téh silih patali hiji jeung nu séjénna. Satuluyna perkara ajén-ajén atikan karakter nukrutkeun kemendikbud, dina ieu buku Kumpulan Carita Pondok *Kembang-Kembang nu Mangkak* loba ajén-ajén nu nyangkaruk di jerona.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun, ieu panalungtikan téh miboga implikasi dina sababaraha widang paélmuan, nyaéta widang kasusastraan hususna dina sastra carita pondok, widang struktural jeung ajén-ajén karakter nu engkéna bisa dilarapkeun dina ngahasilkeun hiji karya nu miboga struktur lengkep, variatif, jeung nyangkaruk ajén-ajén karakter nu luhung di jerona. Satuluyna, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembarkeun paélmuan dina widang sastra, hususna dina ngulik struktur carita pondok, jeung ajén-ajén karakter. Henteu saukur dina perkara carita pondok wungkul, tapi bisa dilarapkeun dina ngulik wangun sastra prosa séjénna, saperti dongéng, legenda, mitologi jeung novel.

5.3 Rékoméndasi

Tina ieu hasil panalungtikan, kapaluruh ayana sababaraha rékoméndasi nu ditujukeun pikeun sababaraha pihak nu aya patalina jeung ieu panalungtikan. Ieu

panalungtikan ditujukeun pikeun panalungtik, pikeun mahasiswa jeung pikeun masarakat umum.

Pikeun panalungtik dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan minangka hiji tatapakan panalungtikan nu leuwih jembar. Pon kitu deui, dipiharep bisa nganalisis ieu buku kumpulan carita pondok *Kembang-Kembang nu Mangkak* ngagunakeun pamarekan séjénna.

Pikeun mahasiswa dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan sangkan jadi bahan diajar. Satuluyuna dipiharep hasil panalungtikan ngeunaan ulikan struktural jeung ajén-ajén bisa dijadikeun bahan pangajaran sastra.

Nu pamungkas, pikeun masarakat dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweuh ngeunaan kasusastraan. Hususna dina sastra carita pondok sabab loba palajaran nu nu nyangkaruk di jerona.